sifatida o‘quvchilarda faol fuqarolik pozitsiyasini shakllantirish va rivojlantirish masalasini o‘rganishga jadal e’tibor qaratilmoqda. Mazkur ilmiy izlanishlar ma’lum bir ma’noda fuqarolik tarbiyasi zamonaviy O‘zbekiston sharoitida barqaror siyosiy, ijtimoiy-iqtisodiy rivojlanish va milliy xavfsizlikni ta’minlashning asosiy omillarining biri sifatida namoyon bo‘lishi bilan ham bog‘liqdir.

O‘zbekistonda fuqarolik jamiyatini rivojlantirish va yoshlarni ma’naviy yetuk shaxslar etib tarbiyalash jamiyat a’zolarida, jumladan yoshlarda fuqarolik tarbiyani va fuqarolik pozitsiyasini rivojlantirish bilan bevosita bog‘liq. Ijtimoiy hodisa sifatida shaxsning fuqarolik pozitsiyasi quyidagilarni taqoza qiladi: a) shaxsning fuqaroviylik tuyg‘usini chuqur anglashi va ushbu tushuncha bilan bog‘liq bo‘lgan huquqiy, ijtimoiy, ma’naviy va siyosiy sifatlarga egalik qilishini; b) jamiyat hayotida ongli ishtirokini.

Faol fuqarolik pozitsiya ijtimoiy faollik, fuqarolik o‘z-o‘zini anglash, fuqarolik fazilatlari kabi uchta asosiy komponentlarni o‘z ichiga oladi va fuqarolik pozitsiyasining rivojlanishiga shaxs hozir bo‘lgan muhit va sharoitlar ta’sir qiladi va ijtimoiy faoliyatda uning ijtimoiy faolligi, samaradorligi va fuqarolik fazilatlarining namoyon bo‘lishi orqali amalga oshiriladi.

Yoshlarda fuqarolik tarbiyani va fuqarolik pozitsiyani rivojlantirish ichki (motivlar, qadriyatli mo‘ljallar, ehtiyojlar, yo‘naltirilganlik, o‘quvchilarning ijtimoiy munosabatlar tajribasi) va tashqi (ta’lim muassasalaridagi tarbiyaviy ish, maktab va litseylardagi fuqarolik tarbiyaning uzluksizligi va tizimliligi) omillar ta’sirida amalga oshiriladi.

Zamonaviy jamiyatning ijtimoiy talablari bilan o‘quvchi shaxsida ijobiy-maqbul fuqarolik pozitsiyasining namoyon etish tajribasi hamda fuqarolik ta’lim-tarbiyasini tashkil etish shakli metod va vositalarining samaradorligi o‘rtasida qarama-qarshliklar mavjudligi ko‘rinadi. Bu esa fuqarolik tarbiya negizida yoshlarning fuqarolik pozitsiyasini rivojlantirish mazmunini ilg‘or xorijiy tajribalar asosida takomillashtirish, mazkur jarayon samaradorligini oshirishga xizmat qiladigan pedagogik model va uni amaliyotga joriy etishning didaktik ta’minotini ishlab chiqishni taqozo etadi.

## Adabiyotlar

1. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2019 йил 31 декабрдаги «Узлуксиз маънавий тарбия концепциясини тасдиқлаш ва уни амалга ошириш чора-тадбирлари тўғрисида» 1059-сон қарори. Қонун ҳужжатлари маълумотлари миллий базаси, 03.01.2020 й., 09/20/1059/4265-сон, 19.06.2020 й., 09/20/391/0777-сон).

2. Akramov A.A. Shaxsga yo‘naltirilgan ta’lim texnologiyalari asosida bo‘lajak o‘qituvchilarda fuqarolik pozitsiyani rivojlantirishning tashkiliy-metodik asoslarini takomillashtirish: Ped.fanl.dokt…..diss. – T.: 2016. 78-b.

3. Гражданское образование – педагогический, социальный и культурный феномен. СПб., 2006. –С. 167.

4. Фахрутдинова А.В. Общее и особенное в подходах к гражданскому воспитанию в США, Канаде, Австралии и Великобритании. // Образование и саморазвитие. 2011. №4.

5. Goals 2000: Educate America Act [Электронный ресурс].- URL: https://www2.ed.gov/legislation/GOALS2000/TheAct/index.html.

6. Фахрутдинова А.В. Проблема стандартизации и дифференциации гражданского воспитания в англосаксонских странах на рубеже XX-XXI веков. // Современные проблемы науки и образования. 2012. №1.; URL: https://science-education.ru/ru/article/view?id=5340 (дата обращения: 26.12.2021).

7. 2013 yil Fransiyada Sofiya-Antipolis (Sophia-Antipolis) shahrida Microsoft korporatsiyasi tashabbusi bo‘yicha electron hukumat masalalari yuzasidan o‘tkazilgan davra suhbati materiallari [Elektron resurs]. http://www.shapovalov.org/index/0-78.

**REZYUME.** Ushbu maqolada mamlakatimizdagi yoshlarning fuqarolik tarbiyasi va unda fuqarolik pozitsiyasining o'rni, muammolari, xorij tajribalari haqida so'z boradi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье говорится о гражданском воспитании молодежи в нашей стране, роли в нем позиции гражданства, ее проблемах, зарубежном опыте.

**SUMMARY.** This article talks about the citizenship education of young people in our country, the role of the citizenship position in it, its problems, and foreign experiences.

# БАЗАР ЭКОНОМИКАСЫНА ӨТИЎ ДӘЎИРИНДЕ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН САНААТЫНДА ЭКОНОМИКАЛЫҚ ӨЗГЕРИСЛЕР

**А.К.Сарыбаев –** *тарийх илимлериниң кандидаты*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** бозор иқтисодиѐти, иқтисодий вазият, иқтисодий ислоҳот, давлат мулкини хусусийлаштириш, саноат соҳасида ислоҳотлар.

**Ключевые слова:** рыночная экономика, экономическое положение, экономическая реформа, приватизация государственной собственности, реформы в сфере промышленности.

**Key words:** market economy, economic situation, economic reform, privatization of state property, reforms in industry.

Базар экономикасына дәслепки өтиў дәўиринде үлкедеги экономикалық сиясаттың улыўма стратегиясын баҳалай отырып, усы дәўирде миллий тиклениў, Өзбекстанның тарийхый прогресстиң алдыңғы мәмлекетлери қатарына шығыўы программаның тийкарғы бағдарлары арасында санаат тараўын системалы реформалаў айрықша орынға ийе болғанын айтып өтиў керек. Халық хожалығын техникалық ҳәм технологиялық қайта қуралландырыў, халықты тутыныў затлары менен тәмийинлеў тек ғана санааттың табысларынан ғәрезли еди. Сол себепли ғәрезсизлик жылларда жоқары раўажаланған санааты жаратыў Өзбекстан экономикасы алдында турған әҳмийетли ўазыйпалардың бири болды. Бирақ, бул шараларды әмелге асырыў ғәрезсизликтиң дәслепки жылларында аңсат емес еди.

Бурынғы хожалық системаның аўыр ақыбетлери – Өзбекстан, соның ишинде Қарақалпақстан арзан шийки зат ҳәм минерал ресурсларды жетистириўин соның менен бирге таяр өнимди сатыў базары болған деформацияланған экономикада билинди. Республика санааты тийкарынан бир тәреплеме характерге ийе болып өндирис структурасында тамамланбаған өндирис циклине ийе болған, тийкарынан аўыл-хожалығы шийки затынан полуфабрикатларды ислеп шығарыўға бағдарланған кәрханалар көп еди. Сондай-ақ административлик-буйырықпазлық басқарыўдың методлары ҳәм экономиканы қатаң жобаластырыў принциплери Орайдың экономикалық сиясатының тийкарғы белгилери еди. Бул ҳеш қандай хожалық еркинлигине ийе болмай партия органларының ҳәм Госпланның еки жақлама қысқысында қалған кәрханалар өндиристе тапқырлық ҳәм өзи жаратыў уқыплылығына ийе болмады. Ақырында бул жағдай санаат жағдайына жаман тәсир берди.

Ғәрезсизликке ерискеннен соң бул кемшиликлерди жоқ етиў ҳәм шараятты түпкиликли өзгертиў мүмкин болды. Өткен дәўирдиң қыйын мийрасларынан

қутылыў ҳәм хожалықтың эффектив системасын жаратыў мақсетинде Өзбекстан базар экономикасын таңлады. Бирақ Өзбекстанда, сол қатарда Қарақалпақстанда XX әсирдиң 80-жыллардың ақыры – 90-жыллары басында пайда болған аўыр социал-экономикалық жағдай республика экономикасын жобаластырыў системасынан базар системасына өтиў бойынша шаралардың әмелге асырылыўына белгили қыйыншылықларды туўдырды. Қала берсе СССРдың қулаўы менен бурынғы аўқамлық республикалар арасында қәлиплескен хожалық қатнасықлар, жалғыз финанс ҳәм ақша-кредит системасы бузылған болып, бул республиканың халық хожалығының барлық тараўындағы өндирис күшлериниң дисгармониясына ҳәм инфляцияның тез өсиўине алып келди.

Қарақалпақстан санааты сол ўақытлары томендеги өзине тән өзгешеликлерине ийе болды: республика санааты қайта ислеўши болып есапланды, яғный алдыңғы мийнеттиң өнимине қайта ислеў бериўши, ислеп шығарыў санааты раўажланбаған; республика санааты ишки тутыныў базарын қанаатландырыўға бағдарланған еди. Улыўма көлемде санаат өниминиң 60% тутыныў буйымлары өндирисиниң үлесине туўра келди; санаат аўыл хожалығы менен тығыз байланысқан, яғный агросанаатлық комплекс характерине ийе. 144 санаат кәрханадан 68 өсимлик ҳәм шарўашылық өнимлерин қайта ислеп, олардың үлесине санаат өндирисиниң 70-75% туўра келди; республика санаатында жеңил санаат алдағы орынды ийелеп, оған пахта тазалаў, тоқымашылық ҳәм жергиликли санаат кирди. Жеңил санаат кәрханаларында республика санаат өниминиң 36-39% ислеп шығарды. Тек ғана пахта тазалаў санаатының өзи республика өниминиң бестен бир бөлимин ислеп шығарды. Жеңил санааттан кейинги ири санаат - дәнди қайта ислеў санааты есапланды. 1995-жыл орталарында бул тараўда 13 санаат кәрханасы бар болып, 1994-жылдың жуўмақлары бойынша бул тараўдың үлесине өндиристиң 22,1% туўра келди. Басқа тараўлардың үлесине – жанылғы-энергетика санааты - 9-11%, қурылыс материаллары санааты - 8-10% қурады [1:36].

Изертленип атырған жыллары Қарақалпақстанның базар экономикасы өтиў дәўири аўыр социал-экономикалық жағдайы менен қыйынласты. Бул ўақытта республика финанс ҳәм стратегиялық жақтан, әҳмийетли шийки зат ресурсларының дефицитин бастан кеширмекте еди. Басқа мәмлекетлердиң басқа регионлардан жеткерип бериўине байланыслы болған кәрханалар тоқтап қалыў жағдайында еди. Хожалық байланысларының үзилиўи, дәстүрий базарлардағы талаптың төменлеўи, төлемлер менен қыйыншылықлар үлкениң барлық санаат кәрханаларының аўыр аўҳалға салды. Бул жағдай халықтың материаллық жағдайының төмен басланғыш дәрежеси әҳмийетли азық-аўқат түрлериниң сырттан алынып келиниўинен ғәрезлиликтиң үлкен дәрежеси, терең структуралық ҳәм баҳа диспропорциясы менен қыйынласты. Архив материаллардың ҳәм соның менен бирге заводлардың жуўапкерли хызметкерлериниң ҳәм жумысшыларының еске алыўларының көрсетиўинше, изертленип атырған жылларда кәрханалардың жақсы ислеўине төмендеги қолайсыз сыртқы жағдайлар тосқынлық етти: шийки затқа ҳәм энергоносительлерге, соның менен бирге кәрханалар сатып алатуғын товарларға ҳәм хызметлерге жоқары болған баҳалар; салық ҳәм социаллық фондларға төленетуғын миннетли төлемлердиң ставкаларының жоқарылығы; тутыныўшығы товар жеткерип бериўге төлемлеў, соның менен бирге халықтың төмен төлеў уқыплылығы.

Жоқарыда келтирилген республиканың экономикасының аўыр басланғыш жағдайларын есапқа алып Өзбекстан экономикалық ғәрезсизликке ерисиў мақсетинде базар қатнасықларына өтиўдиң өз моделин ислеп шықты. Ғәрезсизликтиң биринши адымларынан-ақ республикада хожалықтың мәмлекетлик-административлик системасынан базар системасына өтиў бойынша илажлар әмелге асырыла баслады. Атап айтқанда оның ҳуқықый тийкарын: мәмлекетлик Конститутциясы, меншик кәрханалар, исбилерменлик, сыртқы экономиканың искерлик, мәмлекет есабынан шығарыў ҳәм приватизация ҳаққында нызамлар, сондай-ақ Өзбекстан Республикасы биринши Президентиниң пәрманлары ҳәм Өзбекстан Республиканың Министрлер Кабинетиниң қарарлары қурады. Сондай қылып изертлеп атырған жылларда базар экономикасының еки әҳмийетли принципи: меншиктиң ҳәр қыйлы формасының еркинлиги ҳәм теңлиги принципи, экономикалық искерликтиң еркинлиги принциплерине тийкарланған базар экономикасының конститутциялық ҳуқықый ҳәм шөлкемлестириўшилик тийкарлары жаратылды. Көрсетилген ҳуқықый ҳүжжетлер жобаластырылған социалистлик экономиканы базар экономикасына өзгертиўди баслаўға тийкар болып хызмет етти. Өндириўшилердиң жеке мәплери пайда болған хожалықтың механизми қәлиплести, соның менен бирге мәмлекеттиң бақлаў ҳәм тәртиплестириў хызметлериниң олардың хожалық ислерине араласыўын шеклеў жолы менен кәрханалардың экономикалық ғәрезсизлиги көтерилди.

XX әсирдиң 90-жыллардың биринши ярымындағы Қарақалпақстанның санаатындағы қыйын жағдайларда ири экономикалық өзгерислер өткерилди. 1994-жыл республиканың санаат кәрханалары акционерлик жәмийетке айланды. Сол ўақытқа келип Қарақалпақстан Республикасының 131 санаат кәрханалары ҳәм өндирис бирлеспелеринен 94 меншиктиң мәмлекетлик емес формасында, соның ишинде жеке меншик - 18, коллектив - 28 ҳәм мәмлекетлик-акционерлик 48 иследи [2:7]. Солай етип 1991-1995 жыллар дәўиринде Қарақалпақстан Республикасының экономикасының санаат тараўында бир мақсетке бағдарланған ҳәм басқышпа-басқыш базар экономикасына өтиў реформалары әмелге асырылды. Нәтийжеде кәрханаларға ғәрезсиз болыўға ҳәм басламалар көтериўге тосқынлықлар алып тасланды.

Бул илажлар үлкениң санаат кәрханаларының хожалық жумысларына жақсы тәсир етти. Мүлкдарлық ҳуқықы ҳәм хожайынлық сезими психология ҳәм минез-қулықта үлкен өзгерислерге алып келди, арқа сүйеўшилик ҳәм ислемеўшилик артта қалып баслады, себеби мүлк жуўапкер ҳәм өз мийнетиниң нәтийжесине тиккелей қызығатуғын ҳақықый ийесин тапты. Өндириўшилер олардың пәрәўанлығы енди олардың мийнетиннен көбирек ғәрезли екенлигине исене баслады. Оларды жаңа мотив ҳәм стимуллар, өз жумысының нәтийжесин ҳақықый сезиў ҳәрекетке келтиреди. Экономиканың жуўапкершилигиде күшейди. Базардың қатаң шараятындағы кәрханалар енди өз өндирисин максимал пайдалы қолланыўға урынды. Бул ҳаққында республиканың санаатының хожалық жумысларын изертлеўдиң материаллары дерек берип, бунда базар экономикасының қатаң шараятларында өндиристиң эффективлигине, өнимниң сапасына ҳәм тараўлардың техник-экономикалық потенциалын илажы барынша толық қолланыўға ең әўеле итибар берилген. Бул ўазыйпалардың орынланыўы кәрханаларда алдыңғы технологияларды енгизиў, соның менен бирге базардың өзгермели шараятында ислей алатуғын маман кадрлар потенциалын таярлаў жолы менен тараўдың техникалық ҳәм технологиялық, шөлкемлескенлик дәрежесин жәҳән дәрежесине көтериў кең программасын қысқа ўақыт ишинде әмелге асырыўды талап етти.

1990-1995 жыллары Қарақалпақстанның санааты

еки этапты бастан кеширди: төменлеў ҳәм көтерилиў. 1993-жыл турақласыў ҳәм көтерилиў жылы есапланады. Егерде 1991-1992 жылларда 1990-жылға салыстырғанда санаат өндирисиниң төменлеў темпи жылына орташа 94,4 проценти қураған болса, 1993-1994 жылларда 1992-жылға салыстырғанда көтерилиўдиң темпи жылына орташа 106,8 процентке жетти [3:23]. Республика санааты 1994-жылы 1990-жылғы дәрежеге ерисилди. 1995-жыл республикада ҳәрекеттеги баҳаларда 5424,7 млн сумлық санаат өнимлери ислеп шығарылған, яғный 1994-жылдағы дәрежеге салыстырмалы баҳаларда 92,6%ке [4:6]. Улыўма Қарақалпақстан санааты раўажланыўдың төменги дәрежесинде қала берди. Санааттағы өним ислеп шығарыў көлеминиң төменлеп кетиўиниң тийкарғы себеплерине – өз-ара төлемлерди толемеў кризиси, аўыл-хожалық өнимлерин ислеп шығарыў көлеминиң төменлеўи, халықтың төмен сатып алыўшылық уқыплылығы соның менен бирге ҒМДА ҳәм узақ сырт мәмлекетлери менен сыртқы экономикалық байланыслардың ҳәлсиреўи ҳәм усының ақыбетинде кәрханалардың финанс жағдайының кескин төменлеўи болды.

Солай етип, Қарақалпақстанның санаатының 90-жыллардың I-ярымындағы хожалық искерлигин баҳалай отырып, ол үлкен өзгерислерди басынан кеширгенлигин көриўге болады. Өзбекстанда, соның менен бирге Қарақалпақстанда базар экономикасына өтиў бойынша өткерилип атырған экономикалық реформа санаат тараўында кризистиң өсиўине жол қоймады.

XX-әсир 90-жылларының екинши ярымындағы үлкедеги экономикалық сиясаттың улыўма стратегиясын баҳалай отырып, бул дәўирде де санаат тараўын системалы реформалаў айрықша орынға ийе болғанын айтып өтиў керек. Ҳүжет дереклериниң анализлери көрсетилиўинше усы дәўири санаат өзгертиўдиң миллий моделиниң тийкары бул мүликти ҳақыйқый ийелердиң қолына тапсырыўды тезлестириў, оларды ҳақыйқый хожайын сезимин оятыў мақсетинде санаат обектлерин мәмлекет есабынан шығарыў ҳәм приватизациялаў бойынша басланған жумысларда ақырына жеткериў жолы менен санаат кәрханаларын экономикалық реформалаўдың либерализациялаў ҳәм тереңлестириў болды. Мәмлекетлик санаат кәрханаларын приватизациялаў, исбилерменликти актив қоллап-қуўатлаў, киши жеке кәрханаларды жаратыўды күшейтиў есабынан жәмийетлик өндиристе мәмлекетлик емес сектордың үлесин жоқарылатыў зәрүр болды. Үлкениң санаат өндирисиниң шийки зат ислеп шығарыўдан, таяр өним ислеп шығарыўға өтиўди, оның сапасын ҳәм бәсекиге шыдамлылығын жәҳан базарының талаплары дәрежесине жеткериў мақсетинде экономиканың структурасын түпкиликли өзгертиў бағдарын даўам етиў көзге көринди. Меншик ийелериниң тутыныў товарларын өндириўди күшейтиў ҳәм олар менен ишки базарды толтырыў, кәрхананың экспорт етиўи арқалы валюта резервлерин беккемлеў мәселеси қойылды. Солай етип, экономикалық реформаластырыўдың стратегиялық мақсетлеринен келип шыққан ҳалда 1995-2000 жыллары мәмлекетлик санаат объектлерин меншиклестириў ҳәм көп укладлы социаллық бейимлескен экономиканы қәлиплестириў бойынша басланған жумыслар даўам етилди.

Қарақалпақстан Республикасында бул дәўири санаат секторды мәмлекеттин есабынан шығарыў ҳәм приватизациялаў процесслерин тереңлестириў программасына сай санаат кәрханаларын меншиклестириў процесслерин тереңлестириў, базарда бәсеки орталығын пайда етиў, мәмлекетлик меншикти приватизациялаў процесслерде халықтың кең қатламның қатнасыўы ушын шараятларды жаратыўды тәмийнлеў, баҳалы қағазларды қәлиплестириў ҳәм раўажландырыў бойынша кең жумыслар әмелге асырылды. Соның менен бирге айтып өтиў керек, экономикалық реформаларды тереңлестириў бағдарында тийкарғы итибар жеке меншик мәселесин шешиўге яғный жаңа жеке меншик ийелери қатламларын қәлиплестириўге қаратылды.

XX-әсир 90-жыллары екинши ярымында өткерилип атырған экономикалық реформалардың нәтийжесинде мәмлекет емес санаат секторының үлеси өсе баслады. Егер 1996-жылы Қарақалпақстан Республикасының 144 санаат кәрханаларының бирлеспелериниң 113 меншиктиң ҳәр қыйлы формаларындағы жағдайда ислеп, соның ишинде 20 жеке, 50 коллективлик, 41 жәмийетлик акционерлик ҳәм 2 қоспа кәрханалар болған ҳәм бир жылда өндирилген санаат өнимлериниң 86,7% солардың үлесине туўра келген болса, 2000-жылда ол сезилерли өзгерди. Бул дәўирде Қарақалпақстан экономикалық мәмлекет емес секторының товар өндирисиниң улыўма көлеминдеги үлеси 94,5%, ал мәмлекетлик сектор - 5,5% қурады [5:2; 41]. Солай етип Қарақалпақстан Республикасы санаатында көп укладлы экономика ҳақыйқаттан пайда болды. Мәмлекетлик емес секторды алдыңғы жағдайға шықты ҳәм көплеген жақтан мәмлекетлик сектордан үстим болды. Бул жағдай ески хожалық байланыслар ҳәм қатнасықлардың түпкиликли өзгерилиўи менен байланыслы болған, жобаластырылған социалистлик экономиканың базар экономикасына трансформациялаўды тамамлаўда, тағы да жаңа экономикалық механизмлерди ҳәм институтларды пайда етиўде тийкар болып хызмет етти. Атап айтқанда кархана ишиндеги өндирис қатнасықлары ҳәм олардың хожалық жумысларының сыртқы шараятлары узил-кесил өзгертилди. Өндиристи раўажландырыўдың ҳәм кеңейтиўге административлик-буйрықпазлық зорлаўларды қолланыў зәрүрлиги тамамланды. Өндириўшилердиң жеке меншиклик мәплери ҳәмде мәмлекеттиң бақлаўшы ҳәм тәртипке салыўшы функциясының олардың хожалық ислерине араласыўын шеклеў арқалы, кархparty кархааналардың экономикалық еркинлиги жоқарылаған хожалық механизми пайда бола баслады. Бул шаралар үлкениң санаат кәрхананың жумысларына унамлы тәсир етип, мийнетке деген жаңа қатнаслар системасы пайда бола баслады. Мүлк ийеси ҳуқықы ҳәм хожайынлық сезими психологияда ҳәм минез қулықта үлкен өзгерислерге алып келди ҳәм бийталаплық тамамланды. Себеби мүлк өзиниң ҳақыйқый жуўапкершиликли ҳәм өз мийнетиниң нәтийжесине қызығатуғын ийесин тапты. Сондай қылып, өндириўшини жаңа мотив ҳәм стимуллар, өз жумысының нәтийжесин ҳақыйқаттан сезиў, ҳәрекетке келтирер еди, экономикалық жуўапкершилик дәрежесиде күшейди. Базар экономиканың қатал шараятларында ең алды менен өндиристиң эффективлигине, өнимниң сапалылығына ҳәм тараўлардың техникалық-экономикалық потенциалын барынша толық пайдаланыўға итибар берилген Республика санаатының XX-әсир 90-жылларының екинши ярымындағы хожалық ислерин изертлеў материаллары корсетеди.

Өткерилип атырылған экономикалық реформалар Қарақалпақстанның санаатының экономикалық жағдайында унамлы тәсир жасады. Бул дәўирлери үлкениң санаат өнимлерин ислеп шығарыў көлеми айтарлықтай өсти. Өндиристиң алдыңғы жылға қарағанда өскенлиги жылдан жылға бақланды. Нәтийжеде 2000-жылдың жуўмақлары бойынша Қарақалпақстанның санаат кәрханалары тәрепинен 29.962.2 млн сумға өним ислеп шығарылған болып, ол 1996-жылдың дәрежесине қарағанда 178 процентин қурады [6:17]. Бул экономиканың турақласыўының белгилериниң биреўи болып есапланады. Соның менен бирге бул жыллары айырым кәрханаларда санаат өнимлерин ислеп шығарыў көлеми кемейгени болғанлығы анықланды. Бул кәрханалардың сәтсиз

ислерин базар экономикасына өтиў дәўириниң қыйыншылықларына байланыслы пайда болған жағдай менен ғана байланыстырып қойыўға болмайды. Базар жағдайларына бейимлеспегенлиги, арқа сүйеўшилик кейпинен еле қутылмаған, айрым кәрхана басшылардың ҳәрекетсизлиги бундай унамсыз тенденцияларды пайда болыўына алып келгенлигин изертлеў материаллары көрсетеди.

**Әдебиятлар**


1. «Экономика и статистика». 1995, №7.
2. КА ҚР Кәмбағаллықты қысқартыў ҳәм бәнтлик министрлиги. Санаат бөлими. Папка-3.
3. КА ҚР Кәмбағаллықты қысқартыў ҳәм бәнтлик министрлиги. Санаат бөлими мағлыўматлары. Папка-7
4. КА ҚР Кәмбағаллықты қысқартыў ҳәм бәнтлик министрлиги. Санаат бөлими. Папка- 23
5. /«Вести Каракалпакстана». 11-февраля 1997 год. КА ҚР Кәмбағаллықты қысқартыў ҳәм бәнтлик министрлигиниң санаат бөлиминиң мағлыўматлары. Папка-3.
6. ТА Совета Министров РК. Данные отдела промышленности. Папка 23.



**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада Қорақалпоғистон Республикасида саноат кархоналарнинг бозор иқтисодиётига ўтиш давридаги оғир иқтисодий аҳволи кўрсатилган. Шунингдек, иқтисодий ислоҳотлар йўлида XX асрнинг 90-йилларида саноат секторида иқтисодий ўзгаришлар ўз аксини топган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье показано тяжелое экономическое положение промышленных предприятии Республики Каракалпакстан в период перехода на рыночную экономику. Также на пути экономических реформ отражены процессы экономических преобразовании промышленного сектора края в 90-е годы XX века.

**SUMMARY.** This article shows the difficult economic situation of industrial factories of the Republic of Karakalpakstan during the transition to a market economy. The processes of economic transformation of the industrial sector of the region in the 90s of the twentieth century are also reflected on the path of economic reforms.


## JAŃA REDAKCIYADAǴÍ ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ KONSTITUCIYASÍ HÁM ONÍŃ ÁHMIYETI


**E.Tilewov** – *pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doctorı, docent*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so‘zlar:** Konstitutsiya, qonun, huquq, jamiyat, davlat, ijtimoiy davlat, inson huquqlari, fuqaro, fuqarolik.

**Ключевые слова:** Конституция, закон, право, общество, государство, социальное государство, права человека, гражданин, гражданский

**Key words:** Constitution, law, right, society, state, social state, human rights, citizens, civil.


Konstituciya latınsha «constitution» sózinen alınǵan bolıp, «dúzilis», «ornatıw» degen mánislerdi bildiredi. Konstituciya ayrıqsha yuridikalıq qásiyetlerge iye bolǵan birden bir siyasiy-huqıqıy hújjet bolıp, onda shaxs, jámiyet hám mámleket ortasındaǵı qatnasıqlardıń tiykarǵı principleri ornatıladı; mámleket hákimiyatınıń dúzilisi, subektleri, hákimiyattı ámelge asırıw mexanizmi belgilenedi; jámiyet, insan hám puqaranıń mámleket tárepinen qorıqlanatuǵın huqıqları hám erkinlikleri bekkemlenedi.

Konstituciya óz mánisi hám yuridikalıq tábiyatına kóre basqa huqıqıy hújjetlerden tómendegi áhmiyetli tárepleri menen ajıralıp turadı:

Birinshiden, konstituciya arnawlı subekt, yaǵnıy Ózbekstan xalqı tárepinen referendum arqalı yaki onıń atınan Ózbekstan Respublikası Oliy Májilisi Nızamshılıq palatası deputatları hám Senatı aǵzaları ulıwma sanınıń keminde úshten eki bóleginen ibarat kópshilik dawısı menen qabıl etiledi;

Ekinshiden, konstituciyalıq qaǵıydalar tásir etiwshi, baǵdarlawshı, birlemshi áhmiyetke iye;

Úshinshiden, konstituciyalıq tártipke salıw kóleminiń keń qamırawlılıǵı menen klassifikaciyalanadı, yaǵnıy ol júdá áhmiyetli hám keń kólemdegi sociallıq qatnasıqlar shegarasına tásir kórsetedi;

Tórtinshiden, konstituciya ayrıqsha yuridikalıq qásiyetler iye, yaǵnıy basqa nızamlardan ústinlikke, joqarı yuridikalıq kúshke, ózine tán qorǵalıw formasına, arnawlı tárizde qabıl etiliw hám ózgerttiriliw tártibine iye.

Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası 1992-jıl 8-dekabr kúni Ózbekstan Respublikası Oliy Kengashiniń on ekinshi shaqırıq on birinshi sessiyasında 6 bólim, 26 bap, 128 statya quramında qabıl etildi.

2022-jıl 20-iyuń kúni Prezident Shavkat Mirziyoyev respublika Konstituciyalıq komissiyası aǵzaları menen ushırastı. Ushırasıw dawamında mámleket basshısı Konstituciyaǵa ózgeris kiritiw júzesinen puqaralar tárepinen bildirilgen ayırım usınıslarǵa qatnas bildiriw tiykarında óz usınısların alǵa súrdi.

«Jańalanǵan Konstituciya mámleketimizdiń uzaq múddetli rawajlanıw strategiyaları, ulıwma júrtımız hám xalqımızdıń erteńgi abadan turmısı ushın bekkem huqıqıy tiykar hám de isenimli kepillik jaratıwı lazım» [2], - dep atap ótti mámleket basshısı.

Prezident Shavkat Mirziyoyev «Ózbekstan – sociallıq mámleket» degen ideyanı tiykarǵı nızam menen bekkemlew usınısın alǵa súrdi.

«Sociallıq mámleket mútájlerge úy-jay, jasaw ushın zárúr bolǵan paydalanıw tovarlarınıń eń kem muǵdarı belgilep qoyılıwın názerde tutadı. Ol shaxs hám onıń shańaraǵı múnásip turmıs keshiriwi ushın jetetuǵın is haqı, kambaǵallıqtı qısqarttırıw, bántlikti támiynlew, qáwipsiz miynet sharayatın jaratıwdı talap etedi. Sonıń menen birge, jumıssızlıqtan qorǵalıw, kepillestirilgen sıpatlı bilimlendiriw, qánigeli medicinalıq járdem, hámme ushın teń imkaniyatlar, shańaraqlar, balalar, hayallar, kekseler, mayıplıǵı bar shaxslardı hár tárepleme qollap-quwatlaw hám sociallıq mámlekettiń tiykarǵı wazıypası» [2], - dep túsindirdi Prezident.

Jańa redakciyadaǵı Ózbekstan Respublikası Konstituciyası 2023-jıl 30-aprel kúni ótkizilgen Ózbekstan Respublikası referendumında ulıwma xalıqlıq dawıs beriw arqalı qabıl etildi.

1992-jıl 8-dekabr`degi Ózbekstan Respublikası Konstituciyası 6 bólim, 26 bap, 128 statyadan ibarat edi. Jańa redakciyadaǵı Ózbekstan Respublikası Konstituciyası bolsa 6 bólim, 27 bap, 155 statyadan ibarat etip qabıl etildi. Yaǵnıy jańa redakciyadaǵı Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasına 1 bap, 27 stat`ya qosıldı.

Jańa redakciyadaǵı Konstituciya tómendegi quramnan quraladı:

Birinshi bólim – Tiykarǵı principler dep atalıp, 1-bap Mámleket suvereniteti (1-6-statyalar), 2-bap Xalıq hákimiyatshılıǵı (7-14-statyalar), 3-bap Konstituciya hám nızamnıń ústinligi (15-16-statyalar), 4-bap Sırtqı siyasat (17-18-statyalar);

Ekinshi bólim - Insan hám puqaranıń tiykarǵı huqıqları, erkinlikleri hám minnetleri dep atalıp, 5-bap Ulıwma qaǵıydalar (19-21-statyalar), 6-bap Puqaralıq (22-24-statyalar), 7-bap Jeke huqıq hám erkinlikler (25-35-statyalar), 8-bap Siyasıy huqıqlar (36-40-stat`yalar), 9-bap Ekonomikalıq, sociallıq, mádeniy hám ekologiyalıq huqıqlar (41-53-statyalar), 10-bap Insan hám de puqaranıń huqıq hám erkinlikleri kepillikleri (54-58-statyalar), 11-bap Puqaralardıń minnetleri (59-64-statyalar);

Úshinshi bólim – Jámiyet hám shaxs dep atalıp, 12-bap